



EPATIT C ak Fwa ou Fè Tès. Jwenn Gerizon!



NYC
Health



MENM SI OU SANTI
SANTE OU BON,
EPATIT C A KAPAB
ATAKE FWA OU.

Fwa ou kapab fè ou rete an sante nan plizyè fason. Li retire toksin nan san ou epi li ede ou transfòme manje yo sou fòm enèji.

Epatit vle di enflamasyon fwa a. Gen plizyè plizyè kalite epatit. **Epatit C (Hep C)** se yon viris ki enfekte fwa ki lakòz li. Viris la transmèt nan san.

Epatit C Kapab Ba ou Gwo Pwoblèm Sante:

- Pwoblèm Fwa
- Siwoz
- Ensifizans epatik
- Kansè nan Fwa

Epatit C (Hep C) kapab lakoz lanmò.



Sentòm yo

Anpil moun ki gen Epatit C **pa gen** sentòm epi yo pa konnen si yo enfekte. Sentòm yo kapab pran jiska 30 lane avan yo devlope. Lè sentòm yo parèt, anpil fwa yo se siy yon maladi nan fwa ki nan faz final.

Sentòm ak siy Epatit C yo gen ladan:

- | | |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <ul style="list-style-type: none">• Lafyèv• Fatig• Bouch pa bon• Kèplén• Vomisman | <ul style="list-style-type: none">• Vant fè mal• Pipi ki gen koulè fonse• Pou pou ki gen koulè gri• Doulè nan jwenti• Lajonis |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|

Si ou gen Epatit C, ou pa poukont ou.

Prèske **kat (4) milyon** moun nan Etazini ap viv avèk Epatit C. Anviwon **150,000** moun nan Vil New York ap viv ak Epatit C.

Jwenn plis enfòmasyon sou Epatit C epi pran pi bon desizyon pou sante ou:
Al gade nan nyc.gov/health/hepC

Diferan Faz Epatit C yo

Epatit C Egi gen rapò ak sis (6) premye mwa enfeksyon an.

- Anpil moun ki enfekte ak Epatit C geri poukонт yo nan sis (6) mwa.
- Majorite moun pa gen sentòm Epatit C nan faz egi.

Epatit C Kwonik gen rapò ak yon enfeksyon alontèm.

- Majorite moun ki enfekte ak Epatit C pral devlope yon enfeksyon kwonik.
- Epatit C Kwonik lan kapab bay yon enflamasyon ak yon degradasyon fwa a ki kapab bay lezyon nan fwa modere (fibwoz) epi lezyon nan fwa egi (siwoz).
- Moun ki gen siwoz yo gen gwo risk pou yo gen ensifizans epatik, kansè nan fwa epi menm mouri.
- Lezyon nan fwa yo souvan devlope tou piti, pandan 20 pou rive 30 lane.



Epatit C ak Tès sou Fwa ki An Sante

Pwofesyonèl swen sante ou an kapab fè kèk tès pou konfime si ou gen Epatit C oswa pou chèche kòman Epatit C a afekte sante ou:

Tès San yo

- **Tès Antikò Epatit C:** Montre si ou pa te janm enfekte ak virus Epatit C a. Si tès la pozitif, ou pral bezwen fè yon lòt tès (Tès Epatit C RNA) pou wè si ou gen Epatit C kounya.

- **Tès Epatit C RNA (Chaj Viral):** Montre kantiite viris Epatit C a gen nan san ou kounya (chaj viral). Si tès la pozitif, sa vle di kounya ou genyen Epatit C.

Si ou swiv yon tretman kont Epatit C, Epatit C RNA ou an pral kontwole pandan ak apre tretman pou konnen si tretman mache. Si tretman reyisi, chaj viral la pral tonbe a zewo (yo pa kapab detekte li) epi li ap kanpe la. Si yo toujou pa kapab detekte chaj viral ou apre 12 semèn tretman, ou pral jwenn yon entèvansyon regilye (sustained virologic response, SVR), sa ki vle di ou geri. Ou bezwen rezulta dènye analiz SVR san sa a pou yo konfime ou geri.

- **Tès Jenotip Epatit C:** Montre ki Kategori viris Epatit C ou genyen. Lè ou gen konesans sou jenotip ou an sa ap ede pwofesyonèl swen sante ou an chwazi pi bon tretman pou ou.

- **Tès sou Fonksyon Fwa (Liver Function Tests, LFT):** Gade si fwa a ap byen travay. To elve kapab vle di ou gen enflamasyon oswa pwoblèm nan fwa.
- **Tès Fibwoz nan Fwa:** Chèche nivo lezyon nan fwa (fibwoz).

Fè Eskanè pou Fibwoz

Radyografi tès ki pa envazif (ki pa bezwen ensizyon) demontre lezyon nan fwa pandan li ap bay imaj ki gen fòm lan, gwosè oswa rezistans fwa.

Biyopsi fwa

Retire yon ti moso chè nan fwa ak yon zegwi. Yo egzamine chè a nan mikwoskòp pou verifye si li pa gen lezyon oswa maladi.

Tès Depistaj Kansè nan Fwa

Yo rekòmande pou ou fè tès san oswa egzamen ekografi chak sis (6) mwa pou moun ki gen fibwoz.

**Fè tès! Fè tès se sèl fason pou konnen
si ou gen Epatit C.**

Si Ou Gen Epatit C



Jwenn Swen Nan Men Yon Pwofesyonèl Swen Sante Ki Gen Konesans sou Epatit C

Toujou konsilte pwofesyonèl swen sante ou an pou ou kapab asire ou rete an sante.

Menm si ou pa santi anyen, fwa ou kapab genyen pwoblèm.

Pwofesyonèl swen sante ou an pral ede ou pran pi bon desizyon pou ou amelyore sante ou epi pwoteje fwa ou.

Trete Epatit C pou ou jwenn gerizon

Majorite moun ki genyen Epatit C kapab **jwenn gerizon** nan pran medikaman antiviral pandan plizyè mwa. Lè ou geri vle di yo pa jwenn okenn viris nan san ou aprè kèlke mwa ou fin fè tretman.

Gras ak nouvo **medikaman antiviral kont Epatit C yo**, tretman fasil pou ou fè kounya, li rapid epi **li geri prèske tout moun ki gen Epatit C yo, tankou moun ki gen VIH yo ak sa ki bwè anpil alkòl oswa pran dwòg yo.**

Tretman Aktyèl Pou Epatit C

Jeneralman li dire youn (1) pou rive twa (3) mwa

Souvan se yon konprime pa jou

Efè Segondè yo lejè

Yon tretman ki pa koute chè oswa gratis disponib.

Trete toutjenotip yo

Prèske tout pasyan yo kapab geri.

Medikaman kont Epatit C yo anpeche viris la devlope ankò, **sa ki vle di li pa sèlman yon reyabilitasyon, men se yon gerizon!**

Poko gen yon vaksen kont Epatit C oswa pou pwoteje sistèm iminitè a.

Menm si ou trete oswa geri, ou kapab toujou fè Epatit C ankò. Evite pran maladi an ankò pandan ou ap pwoteje tèt ou kont kontak san.

Pwoteje Sante Ou

Si ou gen Epatit C oswa siwoz, li pi bon pou ou pa bwè alkòl ditou.

Alkòl lakòz ou gen lezyon nan fwa. Evite bwè alkòl se youn nan bagay ki pi enpòtan ou kapab fè ki pou pwoteje fwa ou. Pran konsèy pou ou kapab redwi konsomasyon ou sou rethinkingdrinking.niaaa.nih.gov.

Si ou bezwen èd pou diminye konsomasyon alkòl ou, pale ak pwofesyonèl swen sante ou an oswa rele nan **311**.

Mande pwofesyonèl swen sante ou an avan ou pran medikaman ki pa bezwen preskripsyon yo, medikaman ki natirèl, vitamin oswa sipleman yo.

Kèk medikaman ki pa bezwen preskripsyon tankou asetaminofèn (Tylenol), vitamin oswa sipleman yo tankou: fè, fèy oswa "medikaman natirèl" yo kapab yon danje pou fwa ou. Eksplike pwofesyonèl swen sante ou yo tout bagay, di yo ou gen Epatit C pou yo kapab ede ou evite pran medikaman ki kapab nwi fwa ou.

Manje sa ki bon pou sante ou, fè egzèsis epi kenbe pwa nòmal pou kò ou.

Jwenn sipò. Pataje enkyetid ou ak pwofesyonèl swen sante ou an epi moun ou fè konfyans.

Chèche konekte ak yon Gwoup Sipò pou Epatit C, an pèsòn oswa anliy. Ale sou sitwèb **HepFree.nyc** pou jwenn plis enfòmasyon.

Si ou bezwen èd pou kontwole emosyon ou, pale ak pwofesyonèl swen sante ou an oswa rele nan **311**.

Kesyon pou mande Pwofesyonèl Swen Sante ou an.

- Mwen ta renmen fè yon tès depistaj Epatit C paske mwen panse mwen gen risk pou mwen nan lis ki nan paj nèf (9) la. Èske ou kapab fè tès Epatit C a pou mwen?
- Kisa rezulta tès mwen yo vle di?
- Èske fwa mwen gen pwoblèm? Si repons la se wi, nan ki nivo fwa mwen gen pwoblèm?
- Èske mwen dwe pran vaksen kont lòt maladi tankou Epatit A, Epatit B oswa grip pou pwoteje sante mwen?
- Ki gwochè, rejim alimantè ak egzèsis woutin ki bon pou mwen?
- Ki pi bon swen pou Epatit C mwen kapab jwenn?
- Èske pa gen pwoblèm pou mwen pran medikaman mwen yo (tankou medikaman ki pa bezwen preskripsyon), fèy, vitamin ak sipleman yo?
- Mwen ta renmen resevwa swen pou mwen kapab geri kont Epatit C a. Ki etap pou mwen swiv pou mwen kapab geri?
- Kijan mwen kapab peye tretman kont Epatit C mwen an?



Pwoteje lòt moun kont Epatit C

Viris Epatit C a kapab viv deyò kò a.

- **Si ou konn pran dwòg, itilize sèlman ekipman oswa "materyèl"** nèf esteril tankou zegwi, sereng, koton, vè, kravat, razwa, kouto, dlo pou rense, aparèy pou kwit manje, chalimo oswa tiyo yo.
- **Pa pataje materyèl swen sante** tankou bròs dan, razwa, zegwi, tay zong, sizo pou koupe zong yo oswa gan pou twalèt ki kapab gen kontak ak san ou.
- **Kouvri blesi oswa sikatris ki ouvè yo** ak bandaj, epi asire ou lòt yo pa gen kontak ak san ou.
- **Pran plis prekosyon lè ou ap fè sèks.** Si ou gen plizyè patnè seksyèl oswa si ou gen VIH oswa yon enfeksyon moun pran nan fè sèks (sexually transmitted infection, STI), itilize prezèvatif chak fwa.
- **Netwaye** tach san yo ak dlo klowòks (yon (1) pati klowòks epi nèf (9) pati dlo).
- **Si ou ansent, diskite ak pwofesyonèl swen sante ou an sou Epatit C.** Manman kapab transmèt Epatit C bay tibebe a pandan peryòd gwozès la oswa nan akouchman.



Kontak Òdinè yo San Danje

Ou **pa kapab** transmèt Epatit C pandan ou ap estène, touse, bay akolad, bay lamen oswa pale, oswa pataje batri kizin, vè pou bwè, manje oswa nan bwè dlo potab. Si ou gen Epatit C yo pa dwe ekskli ou nan travay, lekòl, lwazi osinon si ou ap pran swen yon timoun.

Enfòmasyon ak Resous yo

**New York City Department of Health
(Depatman Sante Vil New York)**

Rele nan 311 oswa ale sou nyc.gov/health/hepC

**Swen Sante Epatit C a pri ki ba nan Lopital Piblik
NYC yo**
nyc.gov/hhc

**Jwenn yon Asirans Sante
access.nyc.gov**

**Centers for Disease Control and Prevention
(Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi)**
cdc.gov/hepatitis

**American Liver Foundation (Fondasyon Ameriken
pou Fwa)**

Liy asistans pou Epatit C, lokalizatè pwofesyonèl
swen sante ak sipò gwoup anliy: 800-465-4837 oswa
liverfoundation.org

Harm Reduction Resources (Rediksyon Danje)
harmreduction.org

NYC Hep C Task Force (Ekip Travay Epatit C NYC)
HepFree.nyc

Evalyasyon Risk Epatit C

- Èske ou fèt ant 1945 ak 1965?
- Èske ou poko janm pran dwòg, òmòn, estewoyid, silikòn oswa pwodwi kosmetik – menm si sa gen lontan?
- Èske ou te fè transfizyon san oswa transplatasyon ògan avan 1992?
- Èske ou gen VIH?
- Èske ou fèt an Ejip, Pakistan, Larisi oswa ansyen Repiblik Sovyetik?
- Èske ou te konn rale dwòg?
- Èske manman ou te gen Epatit C lè ou te fèt?
- Èske ou pa janm fè tawaj oswa fè pèsing nan men yon moun ki pa yon pwofesyonèl kalifye?
- Èske ou fè tès Epatik ki te anòmal oswa èske yo te di ou te gen yon maladi nan fwa?
- Èske ou pa te sou dyaliz alontèm?
- Èske ou pa te gen kontak ak san oswa pike nan yon zegwi nan travay?
- Èske ou pa te janm nan prizon?
- Èske ou se yon gason ki gen relayon seksyèl ak lòt gason?
- Èske ou fè sèks ak plizyè patnè?

Si ou reponn “wi” ak youn nan kesyon sa yo, ou gen risk pou ou genyen Epatit C. Pale ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an, ale sou nyc.gov/health/hepC oswa voye yon imèl nan hep@health.nyc.gov pou ou konnen kijan pou ou fè tès.

Fè Tès. Jwenn **Gerizon!**

Fè Tès. Jwenn Gerizon!